

Chè fanmi Pre-K pou tout moun,

Mwen ta renmen swete w byenveni nan <center pre-K program name>. Pwogram Pre-K pou Tout Moun nou an kontan anpil pou asosye avèk ou pou ankouraje pitit ou a aprann ane sa a.

Elèv Pre-K w la ap nan yon anviwònman aprantisaj ansekirite, ankourajan kote li gen anpil opòtinite pou eseye, dekouvrir, eksploré, pwofite. Nan Pre-K, pitit ou a ap pran abilité, konesans ak apwòch pou aprantisaj ki nesesè pou kindergarten nan divès fason, tankou senpatik avèk kamarad li, ajiste l avèk woutin, rezoud pwoblèm, ak aprann ak itilize nouvo mo vokabilè pandan tout jounen an.

Avèk lèt sa a, w ap jewnn resous pou fanmi pandan ete a tankou fason pou ede pitit ou a fè tranzisyon pou Pre-K ak kèk bon liv pou nou li ansanm. Pran avantaj vakans ete a epi sonje pou amize w, fè konvèrsasyon enteresan avèk pitit ou pandan aktivite chak jou ak lòt anbyans w ap fè pandan ete a.

Mwen vle pataje enfòmasyon enpòtan avan premye jou lekòl la. Premye jou lekòl pou timoun Pre-K w la se <date>. Tanpri mennen pitit ou a a <time>. Lè pwogram Pre-k regilye chak jou nou an se <insert hours>.

Men enfòmasyon pou kontakte pwogram Pre-K a: <insert important phone numbers>

Pou nou kapab toujou ba ou enfòmasyon sou kisa pitit ou a ap aprann ak sou aktivite ou ka patisipe nan pwogram Pre-K nou an, pitit ou a gen pou pote lakay li avi, lèt ak travay li fin fè.

Nou pran angajman pou pitit ou a reyisi epi nou kontan anpil pou nou akeyi w nan kominate Pre-K nou an. Rechèch montre ke chak timoun kapab akonpli maksimòm potansyèl yo pi byen atravè yon kolaborasyon ant paran ak lekòl. Nou apresye opinyon w ak sijesyon osijè pwogram nou an, ladan kòman nou kapab ede w ak pitit ou a pi byen. Si w ta renmen pran yon randevou pou pale avèk mwen, tanpri rele <insert contact person name and phone number> pou planifye yon rankont.

Mwen espere pou nou pase yon bon ane aprantisaj ansanm,

<Program Leader Name>  
<Program Name>  
<Program Address>  
<Program Phone Number>  
<Program Email Address>